

## Kisa Sentòm Kansè Nan Tete yo ye?

Kansè nan tete **kapab pa gen** okenn sentòm, sitou nan premye faz yo. Se pou sa li tèlman enpòtan pou fè mamogram yo regilyèman.

Si gen sentòm kansè nan tete, yo kapab:

- yon boul nan tete a oswa anba esèl la
- enflamasyon nan tete a oswa li chanje fòm
- iritasyon po oswa pent tete a (li grate, wouj, oswa po a blanch)
- rid sou po tete a
- doulè nan tete a oswa pwent tete a
- likid k ap soti nan pwent tete a (ak san ladan) ki pa lèt tete


**Si ou gen nenpòt nan sentòm sa yo, oswa nenpòt bagay ki ba ou pwoblèm, pale ak pwofesyonèl swen sante ou.**



## Ou pa gen asirans?

Menm si ou pa gen asirans, kapab gen posiblite pou fè yon tès depistaj. Pwogram Sèvis Kansè Eta New York la ofri tès depistaj kansè gratis pou rezidan new York ki kalifye epi ki pa gen asirans nan chak konte ak minisipalite.

Rele **1-866-442-CANCER (2262)** pou jwenn yon pwogram tou pre ou.



Èske ou bezwen asirans sante? Ou kapab jwenn enfòmasyon sou fason pou enskri nan yon plan sante nan Plan Sante Eta New York la lè ou rele **855.355.5777** oswa al gade nan: [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov)



## FÈ TÈS LA PA BAY EKSKIZ

Piblikasyon sa a te jwenn sipò Sibvansyon oswa Akò Kowoperatif Nimewo, U58DP003879-05, ak finansman Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC). Tout sa ki ladan se sèl responsabilite otè yo epi yo pa nesesèman reprezante opinyon ofisyèl nan CDC yo oswa Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Human Services).



[health.ny.gov](http://health.ny.gov)

8532 (Haitian Creole)

# Jwenn Enfòmasyon yo konsènan **Kansè Nan Tete**



**1 fanm sou 8 ap gen  
kansè nan tete nan vi yo.**

**Yon mamogram se pi bon fason  
pou detekte kansè. Pale avèk  
pwofesyonèl swen sante ou.**



Yon Pwogram Depatman Sante

## Kisa Kansè Nan Tete ye?

Kansè nan tete se kansè ki kòmanse nan tete a men ki ka ale nan lòt pati nan kò a.

Kansè nan tete se kansè ki pi komen pami fanm nan Eta New York yo. Li se dezyèm kansè ki tiye plis fanm.

Tout fanm kapab gen kansè, men li pi komen pami fanm ki gen 50 tan oswa plis.

Menm si se yon bagay ki ra anpil, gason kapab gen kansè nan tete tou.

## Kisa yon Mamogram ye?

Yon mamogram se yon radyografi tete yo itilize pou fè tès depistaj kansè. Depistaj vle di tcheke siy kansè avan gen sentòm oswa pwoblèm.

**Yon mamogram se pi bon fason pou detekte kansè bonè, lè l ap pi fasil pou trete li.**



Rele **866-442-CANCER** (2262) oswa voye yon tèks **GET SCREENED** bay **81336** pou konnen ki kote ou kapab jwenn yon mamogram tou pre ou.

## Kimoun ki Sipoze fè Tès Depistaj Pou Kansè Nan Tete?

**Fanm ki gen 50 a 74 an fè yon mamogram chak de (2) zan.**

**Kèk fanm ki gen pi piti pase 50 tan dwe fè depistaj pou kansè nan tete.**

Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou si ou:

- Gen ant 40 ak 49 an
- Gen yon istwa kansè nan tete nan fanmi ou
- Te gen chanjman nan tete oswa pwent tete ou tankou anfle, iritasyon sou po tete a, doulè nan tete oswa pwent tete, likid k ap soti nan tete ou

## Eta New York Rann Li Fasil Pou Fè Tès Depistaj!

- Depistaj kansè nan tete **GRATIS** disponib pou rezidan New York ki kalifye yo.
- Anpil nan kote ou ka al fè depistaj kansè nan tete yo louvri ta oswa pandan wikenn pou rann li pi fasil pou ou jwenn yon randevou.
- Nouvo kamyonèt mamogram mobil yo pote tès depistaj nan kominate lokal yo.

**Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou. Ansanm nou kapab deside ki pwogram depistaj k ap pi bon pou ou.**

## Kisa ki Risk Pou Kansè Nan Tete?

- Si ou te gen premye règ ou avan ou te gen 12 zan
- Si ou te kòmanse menopoz ta (55 an oswa plis)
- Ou pa te janm fè timoun oswa te fè premye timoun ou apre 30 an
- Ou pa bay tete
- Ou gen sèten mitasyonjenetik tankou BRCA1 oswa BRCA2
- Ou peze twòp oswa ou obèz
- Ou pa fè ase egzèsis Ou bwè alkòl
- Ou pran kontak ak anpil radyasyon (radyografi) nan pwatin ou bonè nan vi ou
- Ou pran tretman ranplasman òmòn
- Ou gen tete epè

## Kisa Tete Epè ye?

Apre yon mamogram, yo ka di kèk fanm yo gen tete epè. Tete epè (oswa tisi tete epè) komen anpil.

Tete epè yo gen mwens tisi gra, ki rann li difisil pou wè siy kansè nan yon mamogram.

Fanm ki gen tete epè yo dwe pale ak pwofesyonèl swen sante yo sou lòt faktè risk pou kansè nan tete epi deside si yo bezwen plis depistaj.